

# Medicaid



This is an Official U.S. Government Product

## **ANN KÒMANSE**

Yon Rezime sou  
Medicaid

## **ANN KÒMANSE**

Medicaid (yo konn rele l tou Asistans Medikal) se yon pwogram Federal ak Eta yo ki ede peye depans medikal pou sèten moun ak fanmi ki gen revni ak resous ki limite. Medicaid pral peye tout doktè, famasyen, lopital oswa lòt founisè yo pou swen ou.

Chak Eta deside kisa ki konte kòm revni ak resous, kimoun ki elijib, ki sèvis ki kouvri, ak pri sèvis sa yo. Eta yo deside tou kijan pou jere pwogram yo, men yo dwe respekte direktiv federal yo. Poutèt sa, gen 56 pwogram Medicaid diferan — youn pou chak Eta, pou chak teritwa, ak pou Distri Columbia.

## **KI KOTE POU MWEN APLIKE ?**

An jeneral, si w gen revni ak resous ki limite, ou ta dwe aplike pou Medicaid nan Eta a kote w rete. Règ pou konte revni ak resous ou yo varye selon chak Eta. Pami resous yo gen lajan ki nan kont kouran oswa kont depay, aksyon ak obligasyon. Gen règ espesyal tou pou moun ki rete nan mezon retrèt ak pou moun andikape ki abite nan kay paran yo.

Si w aplike e yo apwouve w pou Medicaid, w ap resevwa yon lèt apwobasyon, e ou gendwa resevwa tou yon kat w ap itilize pou jwenn sèvis swen sante.

## **ÈSKE MWEN ELIJIB ?**

Ou gendwa elijib pou Medicaid si ou ranpli egzijans yo pou Eta w. Anplis deske y ap mande w montre si revni ak resous ou limite, yo gendwa poze w kesyon ki annapre yo:

- Ki laj ou ?
- Èske w ansent ?
- Èske ou se yon timoun ki gen mwens pase 19 lane ? Oswa, èske ou se paran oswa gadyen yon timoun ki gen Medicaid ?
- Èske w andikape ?
- Èske w avèg ?
- Èske w se yon sitwayen ameriken oswa yon imigran ki ranpli sèten egzijans ?

**Nòt :** Menmsi revni w sanble li depase nivo revni Medicaid yo nan Eta w, ou gendwa elijib konfòmeman ak règ depans pou rediksyon Medicaid yo ki dekri pi devan nan tiliv sa a.

## **KISA MWEN DWE PEYE ?**

Selon règ Eta w la, w ap petèt dwe peye yon ti pati nan depans yo (tankou kopeman) pou sèten sèvis medikal. Si w kalifye pou ni Medicare ni Medicaid, pifò nan depans swen sante w yo ap kouvri, e w ap resevwa otomatikman Asistans Anplis pou peye pou medikaman sou preskripsyon.

## **KISA KI KOUVRI ?**

Medicaid kouvri anjeneral tout sa ki annapre yo :

- Sèvis lopital pou pasyan entèn
- Sèvis lopital pou pasyan ekstèn
- Sèvis ki gen pou wè ak gwosès
- Vaksen pou timoun
- Sèvis pou doktè
- Sèvis etablisman swen enfimye pou moun ki gen 21 lane oswa plis
- Sèvis planing familyal ak founiti
- Sèvis klinik sante riral
- Swen sante lakay pou moun ki elijib pou resevwa sèvis swen enfimye kalifye
- Sèvis laboratwa ak reyon-Iks
- Sèvis pedyatri ak sèvis yon nès pou tout fanmi a
- Sèvis enfimye/saj-fanm
- Sèvis sant sante ki kalifye onivo federal (FQHC)
- Sèvis deteksyon bonè ak peryodik, dyagnostik ak tretman pou timoun ki gen mwens pase 21 lane
- Transpò ki nesesè pou rive nan klinik founisè sante yo ak pou tounen lakay

**Nòt :** Eta yo gendwa deside pou yo kouvri plis sèvis pase sa ki liste anlè a. Tcheke nan biwo Asistans Medikal Eta w (Medicaid) pou kapab jwenn yon lis egzak tout bagay Eta w kouvri. Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou kapab jwenn nimewo telefòn yo. Itilizatè ki malantandan ta dwe rele nan 1-877-486-2048. Oswa, al gade [www.medicare.gov/contacts](http://www.medicare.gov/contacts) e chèche enfòmasyon pou kontakte biwo Medicaid nan Eta w lan.

## **KI DWA OU GENYEN ?**

Si yo deja refize ba w benefis Medicaid e ou pa dakò ak desizyon sa a, ou gendwa fè apèl ak mande yo ba w yon odyans ki ekitab. Moun ki gen Medicaid gen dwa pou yo pwoteje enfòmasyon prive yo. Yon lwa federal oblije Medicaid ofir ak òganize tout sèvis swen sante ki medikalman nesèsè pou timoun ki elijib pou Medicaid, menmsi pwogram Medicaid Eta a pa ta peye pou sèvis sa yo nòmalman.

## **KISA « SPEND DOWN (Depans pou rediksyon) » YE ?**

Nan kad pwosesis « depans pou rediksyon » a, sèten Eta aksepte pou w vin elijib pou Medicaid kòm « moun ki medikalman nan le bezwen », menmsi ou gen twòp revni pou kalifye. Pwosesis sa a pèmèt ou « depanse pou redui », oswa dedwi depans medikal ou (tankou pri swen lopital la oswa vizit kay doktè a) nan revni w pou tounen elijib pou Medicaid. Sa gendwa bese revni w, pou li rive pi ba pase montan maksimòm pwogram Medicaid Eta w otorize. Pou kapab elijib kòm yon moun ki « medikalman nan le bezwen », resous mezirab yo (tankou kont depay ak sètifika depo) dwe anba limit pou montan resous Eta w otorize.

## **KI KOTE MWEN KAPAB RESEVWA ENFÒMASYON ?**

Ou gendwa jwenn nimewo telefòn ki itil ak sit Web pou òganizasyon anba la yo si w al gade nan [www.medicare.gov/contacts](http://www.medicare.gov/contacts), oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè ki malantandan ta dwe rele nan 1-877-486-2048.

- Pou kapab wè si w kalifye, rele biwo Asistans Medikal Eta w (Medicaid). Sèvi ak sit Web ki anlè a e chèche pou chak òganizasyon.
- Pou kapab kosey pou asirans sante gratis ak asistans pesonalize ak kesyon asirans, rele Pwogram Asistans pou Asirans Sante Eta (SHIP) a.
- Pou kapab jwenn plis enfòmasyon osije pwogram Medicaid la, al gade nan [www.cms.gov/home/medicaid.asp](http://www.cms.gov/home/medicaid.asp).





Produi CMS Nimewo 11409-HC (Haitian Creole)  
Revize nan mwa mas 2011